



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05//2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE RENOVASYON OPERASYONÈL NAN BIWO JESYON
KANABIS LA**

***Rekòmandasyon konplè yo pral mete fen nan blokaj lisans yo, amelyore
kominikasyon ak transfòme operasyon OCM yo***

***Aksyon imedyat yo dwe aplike pou refòme pwosesis lisans yo epi ogmante
aplikasyon lwa kont vitrin magazen ilegal yo***

Pwogram sibvansyon 5 milyon dola pou ede benefisyè lisans CAURD yo

Lanse yon Gwoup Travay pou Aplikasyon Lwa Kanabis la

Renovasyon an vini apre revizyon an; konklizyon yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te mande jodi a yon renovasyon operasyonèl nan Biwo Jesyon Kanabis la. Renovasyon an vini apre piblikasyon yon evalyasyon 30 jou ki te fèt pa yon ekip endividi anba lidèchip Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la Jeanette Moy, ki te idantifye limit estriktirèl enpòtan nan Biwo Jesyon Kanabis ki te afekte kapasite ajans lan pou ranpli manda li pou etabli yon fason efikas mache Kanabis Eta New York la. Evalyasyon an fè rekòmandasyon konplè pou mete fen nan blokaj aplikan lisans yo epi amelyore kominikasyon ak aplikan yo ak benefisyè lisans yo – transfòme kapasite Biwo a pou elaji operasyon kanabis legal ki an sekirite atravè eta a. Dapre konklizyon evalyasyon an, Gouvènè Hochul te anonse yon seri aksyon imedya pou refòme pwosesis lisans yo epi ogmante aplikasyon lwa kont vitrin magazen ilegal yo. Gouvènè a te anonse tou etablisman yon pwogram sibvansyon 5 milyon dola pou ede benefisyè lisans CAURD yo epi li te prevwa lanse Gwoup Travay pou Aplikasyon Lwa Kanabis la semèn pwochèn.

"Nou te pwomèt pou n konstwi mache Kanabis legal ki pi solid, ki pi ekitab nan nasyon an, epi n ap anonse etap ki nesèsè depi lontan pou fè pwogram Kanabis New York la mache jan yo te pwomèt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ta renmen remèsye Komisè Jeanette Moy ak ekip li a pou travay di yo ak evalyasyon byen reflechi yo, epi mwen espere travay ak OCM pou aplike rekòmandasyon rapò a epi transfòme endistri kanabis New York la."

Evalyasyon an te idantifye gwo pwoblèm ki genyen nan pwosesis efikas Biwo a ak apwobasyon lisans aplikasyon an. San pi bon kapasite pou ranpli wòl lisans lan, moun ke pwosesis sa a fèt pou ede yo epuize resous sibstansyèl nan navige li epi yo riske rete dèyè. Reta nan mache legal la te kreye yon vid pou vitri magazen ilegal yo pwopaje epi retire benefisyè lisans CAURD yo. Refòm yo anonse jodi a pral kreye kapasite adisyonèl pou fèmen vitrin magazen ilegal yo ak leve operatè legal yo.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Gwoup travay milti-ajans ki te kreye pou evalye Biwo Jesyon Kanabis la te idantifye plizyè etap ajans lan ka pran pou debloke blokaj aplikasyon yo nan amelyore kominikasyon ak aplikasyon yo epi rasyonnalize pwosesis aplikasyon an. Pwopozisyon ki dekri nan rapò gwoup travay la pral amelyore transparans ak ouvri liy kominikasyon nan pwosesis aplikasyon an pandan y ap ranfòse efò eta a pou respekte angajman Gouvènè Hochul pran pou ekite nan mache kanabis New York la."

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Trafike Kanabis ilegal ap apwovizyone magazen ilegal ki parèt atravè eta a, sa ki deranje mache reglemante a epi mennen lòt pwoblèm. Lapolis Eta a pral travay ak patnè li yo pou vize moun k ap pote kanabis ilegal nan New York, deranje operasyon yo epi rann yo responsab nan tout limit lalwa."

Aplike Rekòmandasyon ak Adopte yon Nouvo Estrateji Lisans

Gouvènè Hochul te anonse yon seri aksyon imedyat pou kòmanse renovasyon OCM, adrese aplikasyon kanabis ilegal epi mete endistri kanabis New York sou chemen siksè. Aksyon yo gen ladan yo:

- Lanse yon gwoup travay aplikasyon lwa pou fèmen magazen kanabis ilegal ki vann an detay yo.
- Aranje pwosesis lisans entèn yo epi netwaye reta pou etablisman an detay ki te oblije aplike avèk kontwòl sit la.
- Angaje pou mete an plas yon SLA (akò nan nivo sèvis (service-level agreement, SLA) pou pèmèt aplikasyon lisans pou vann an detay yo ranpli nan 90 jou pou fennèt aplikasyon yo alavni.
- Kreye nouvo zouti kominikasyon, tankou bilten regilasyon ak tablodbò piblik pou amelyore sèvis kliyantèl la.
- Lanse kat jewografik Kanabis OCM lan pou amelyore transparans ki antoure kote ki gen lisans an detay nan ete 2024.
- Ajoute anplwaye nan ekip lisans, konfòmite ak aplikasyon.
- Ranfòse fondasyon ak jesyon ajans yo ki gen ladan anbochaj pòs prensipal pou sèvis kliyantèl, kontwòl entèn ak odit ak operasyon yo.
- Kreye yon plan estratejik 5 ane pou Biwo a.

Bay Kapital adisyonèl pou benefisyè lisans ki enplike nan jistis

Eta a pral etabli yon nouvo pwogram pou bay sipò finansye bay benefisyè lisans CAURD ki te sekirize pwòp lokal pa yo. An rekonesans ak reta aplikasyon CAURD yo te

rankontre sou wout pou yo ouvri biznis yo, sa ki gen ladan yo akòz litij prive ki te gen yon poz enpòtan nan pwogram CAURD jiska desanm 2023, Empire State Development, k ap travay an kolaborasyon etwat ak anplwaye OCM, pral fè yon gwoup finansman 5 milyon dola disponib pou benefisyè lisans CAURD yo ki elijib sou fòm mikwo-sibvansyon.

Angajman finansman inik sa a, ki pa pral vini san yo pa atann ranbousman si yo itilize l pou rezon ki kalifye yo, pral pèmèt benefisyè lisans CAURD elijib yo ki gen yon lisans epi ki sekirize yon kote yo resevwa yon sibvansyon yon sèl fwa pou ranbouse sèten depans inisyèl ki kalifye yo ke yo te fè.

Nan mwa k ap vini yo, ESD pral jwenn yon administratè pou pwogram nan. Avèk etap sa a, eta a pral avanse youn nan objektif santral pwogram kanabis New York la: asire patisipasyon nan nouvo endistri moun sa a ki te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa entèdiksyon kanabis la.

OCM pral pataje enfòmasyon adisyonèl sou pwogram nan ak lisansye yo lè li vin disponib.

Lanse yon Gwoup Travay pou Aplikasyon Lwa Kanabis la

Gouvènè Hochul te anonse tou ke Gwoup Travay pou Aplikasyon Lwa Kanabis la pral lanse semèn pwochèn. Gwoup Travay la, ki te dirije pa Premye Siprentandan Adjwen Lapolis Eta a, se yon gwo efò nan tout eta a pou kowòdone anplwaye nan plizyè ajans pou konbat mache ilegal kanabis la. Atravè kolaborasyon ant Lapolis Eta a, OCM, lapolis lokal yo ak lòt ajans eta yo, gwoup travay la pral byen ekipe pou atake tout aktivite ilegal kanabis yo. OCM pral dirije tou yon gwo efò aplikasyon lwa sivil ak plis pase 150 enspektè ki soti nan OCM, Depatman Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF), ak lòt ajans eta ki dedye kadnase kantite magazen kanabis ilegal posib pandan 90 jou k ap vini yo. Tout magazen ilegal atravè eta a ka espere y ap enspekte ak kadnase yo si yo jwenn yo se yon menas iminan pou sante ak sekirite.

Gwoup Travay la pral deplwaye ekip investigatè ak analis atravè eta a nan operasyon etabli pou asire yo enspekte epi fèmen chak magazen kanabis ilegal. Lapolis Eta a pral dirije efò aplikasyon lwa kriminel ki sible trafik kanabis ak gwo antrepriz kriminel ki antoure machandiz yo jwenn nan magazen ilegal sa yo. Atravè itilizasyon resous tankou Twoup kont Gang Vyolan ak Inite Lit kont Estipefyan, Lapolis Eta a pral fè operasyon pou kenbe ak pouswiv move aktè yo. Gwoup Travay la pral travay tou ak pwopriyetè yo pou ede degèpi dispansè ilegal yo, epi travay pou penalize pwopriyetè ki pa pran dispozisyon pou mete lokatè yo deyò apre yo fin fè yo konnen yo ap opere ilegalman.

Refòm sa yo pral reyisi sèlman avèk mekanis ranfòsman solid ak yon efò agresif pou fèmen mache ilegal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)